

Pou Piblikasyon Imedya: 17/06/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**KONSEYE GOUVÈNÈ A ALPHONSO DAVID EKRI YON LÈT BAY AVOKA
JENERAL UNDERWOOD POU MANDE OPINYON JURIDIK SOU PWOJÈ LWA KI
PWOPOZE A POU BAY MOUN KI PA GEN PAPYE YO AKSÈ AK LISANS CHOFÈ**

Konseye Gouvènè a Alphonso David te ekri yon lèt bay Avoka Jeneral Barbara Underwood pou mande opinyon jiridik sou pwojè lwa A3675-B/S1747-B, ki t ap bay imigran san papye yo aksè ak lisans chofè.

Tèks konplè lèt la disponib anba la a:

Avoka Jeneral Underwood:

Nan non Gouvènè Andrew Cuomo, mwen ekri pou mande yon opinyon jiridik sou pwojè lwa A3675-B/S1747-B. Objektif deklare pwojè lwa a se asiste moun ki pa gen papye yo nan ba yo aksè ak yon lisans chofè. Gouvènè a ap sipòte politik sa a epi li ap fè sa depi 2007. Sepandan, gen preyokipasyon ki eksprime dèske pwojè lwa a, jan li elabore a, pral gen kòm konsekans bay ofisyèl federal yo aksè envolontèman ak done Eta a ki gen rapò ak menm ansanm moun ki pa gen papye sa yo, oswa dirèkteman oswa endirèkteman, epi konsa kreye risk enpòtan pou pwojè lwa sa a fè ditò ak gwoup sa a li vle ede a. Se pa yon kesyon konsènan entansyon politik pwojè lwa a; kesyon an se konsekans jiridik lan.

Depatman Veyikil ak Motè (Department of Motor Vehicles, DMV) a kenbe done pèsònèl enpòtan pou moun ki gen lisans chofè oswa kat idantifikasyon yo. Anba pwojè lwa sa a, DMV a pral resevwa enfòmasyon anplis sou moun ki pa gen papye sa yo. Nan lòt Eta yo, gouvènman federal la te konsilte done DMV Eta a pou sibler moun ki pa gen papye yo. An rezime, pa egzanp, kèk chofè gen nimewo sekirite sosyal yo, evidaman chofè ki pa gen papye yo pa t ap genyen. New York genyen tou yon sistèm rekonesans fasyal ki sofistike ki ka idantifye moun ak done DMV yo a. Pouke lwa New York ka asiste moun ki pa gen papye yo li dwe bloke tout aksè ak Gouvènman Federal la.

An konsekans, nou ap poze ou kesyon sa yo - èske pwojè lwa ki pwopoze a definitivman anpeche Gouvènman Federal la, oswa sibdivizyon ki afilye yo, pou li pa konsilte - dirèkteman, endirèkteman oswa atravè pwojè jidisyèl - nenpòt baz done oswa lòt konpilasyon enfòmasyon oswa materyèl ki nan posesyon, gad, oswa kontwòl Depatman Veyikil ak Motè New York la? Evidaman nan reponn ak kesyon sa a, nou mande pou ou asime yon defi jiridik Federal pa rapò ak lwa New York sa a si li ta adopte, epi pou pran an konsiderasyon lwa yo ki sanble ak sa a oswa lòt sikonstans nan lòt Eta yo, epi pou pwosesis pataj done aktyèl nou an ak Gouvènman Federal la.

Silvouplè ba nou opinyon ou sou pwojè lwa a jan li elabore a ak tout chanjman nan fòmilasyon pwojè lwa a ke ou panse ki ta kapab adrese kesyon sa a kòrekteman.

Objektif anpil aktè ki enplike nan efò sa a se pou adopte lejislasyon ki ede moun ki pa gen papyè yo, men pa youn ki ap fè yo ditò. Se avèk sa nan panse nou ke nou mande opinyon ou pi vit posib sou sijè ki mansyone anwo a.

Sensè Salitasyon,

Alphonso B. David

cc: Letitia James, Pwokirè Jeneral Eta New York

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)